

### BAB III

## MÉTODE PANALUNGTIKAN


Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analisis. Métode déskriptif analisis dilakukeun ku cara nganalisis tuluy didésripsikeun dumasar kana fakta-fakta. Nurutkeun Margono (dina skripsi Aningsih, 2013, kc. 35), dina panalungtikan déskriptif analisis data nu dibeunangkeun (mangrupa kecap, gambar, paripolah) lain mangrupa wilangan atawa angka statistik, tapi tetep dina wangun kualitatif nu miboga harti leuwih euyeb tibatan angka atawa frékuensi.

### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan ngawengku léngkah-léngkah panalungtikan sacara gurat badag. Desain panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta desain panalungtikan kualitatif, nu sipatna déskriptif, fleksibel, mekar jeung muncul dina prosés panalungtikan (Sugiyono, 2013, kc. 34). Sangkan leuwih jéntré, éta desain panalungtikan dipidangkeun dina wangun bagan ieu di handap.

Bagan 3.1

#### Desain Panalungtikan



## 3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan


### 3.2.2 Lokasi Panalungtikan

Lokasi panalungtikan nya éta tempat anu digunakeun pikeun panalungtikan. Tempat nu digunakeun pikeun ieu panalungtikan nya éta di Desa Jinkang Kacamatan Tanjungmedar Kabupaten Sumedang. Luas wilayah Desa Jinkang nya éta 1.481,05 héktar nu ngawengku daérah pertanian kayaning taneuh sawah, kebon, perkebunan, perum perhutani jeung daérah pemukiman, perkantoran/ fasilitas umum. Desa Jinkang kabagi jadi genep wilayah dusun nya éta aya Dusun Jinkang, Dusun Babakan Sawah, Dusun Sukatamu, Dusun Cimuncang, Dusun Cicae, jeung Dusun Ciburuan, nu tiap dusun ngawengku deui sababaraha RW jeung RT. Nu jadi wates Desa Jinkang belah wetan nya éta aya Desa Kamal, belah kidul aya Desa Tanjungmedar, belah kulon aya Kabupatn Subang jeung belah kaler aya Kacamatan Surian.

Jumlah penduduk di Desa Jinkang kurang leuwih aya 3.734 urang, laki 1.917 urang jeung awéwé 1.817 urang, nu kabéhna kawengku 1.229 kapala kulawarga. Lamun ditilik tina pakasaban masarakatna, di Desa Jinkang lolobana pakasaban kana tani. Patani nu aya di ieu Désa nya éta salaku petani pemilik (nu boga sawah jeung kebon) jeung petani penggarap atawa buruh tani. Salian ti tani, pakasaban séjénna aya nu jadi guru, dokter, bidan, pagawé swasta, tukang dagangjsb.

Masyarakat Desa Jinkang umumna ngagem agama islam, anapon kitu tapi tetep masih aya anu ngajalankeun tradisi ti karuhunna. Masyarakat Désa Jinkang, dina ngajalankeun komunikasi ngagunakeun basa Sunda dina hirup kumbuh sapopoéna. Sabagéan masarakatna aya nu ngagunakeun basa Indonésia jeung Jawa, éta ogé mangrupa pendatangti luar kota atawa luar daérah.

**Gambar 3.1**  
**Peta Desa Jingkang**



### 3.2.1 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data mangrupa asal data panalungtikan ti lapangan. Dina Umar (2009, kc. 42) disebutkeun yén sumber data aya dua rupa nya éta data primer jeung data skunder. Data primer mangrupa data anudimeunangkeuntinasumbermimitibohétatijalmaperorangansapertingeusikuesio ner. Data skundermangrupa data primer anugeusdiolahleuwihjerosartadipidangkeundinawangun tabélatawa diagram-diagram.

Sumber data ieupanalungtikanmangrupajalma salaku narasumber atawa informan, tulisan jeung rékaman mantra nu mangrupa dokuméntasi pribadi

Dianawati, 2015

INVÉNTARISASI JEUNG ANALISIS STRUKTUR PUISI MANTRA DI DÉSA JINGKANG KACAMATAN TANJUNGMEDAR KABUPATEN SUMEDANG PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN SASTRA DI SMA Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

narasumber, jeung gambar informan (foto diri informan). Jalma nu beunang dijadikeun narasumber nya éta aya 6 urang.



### 3.3 Ngumpulkeun Data Panalungtikan

#### 3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén hartina pakakas/alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data (Siswanto dina Aningsih, 2013. kc. 37). Nurutkeun Arikunto, instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih babari jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih cermat, lengkep, jeung sistematis sangkan leuwih babari dikokolakeunana (2010, kc.203). Ieu panalungtikan, ngagunakeun instrumén saperti pedoman wawancara, *handphone* (*camera* jeung *recorder*), alat tulis jeung buku catatan.

Runtuyan pedoman wawancara ngeunaan puisi mantra digambarkeun dina gambar ieu di handap.

#### Gambar 3.2

##### Format Wawancara (*interview*)

<b>Panalungtikan Mantra di Desa Jinkang Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang</b>	
	Poé/ tanggal:
1. Data Narasumber	
Wasta	:
Umur	:
Jenis Kelamin	:
Status Perkawinan:	
Alamat	:
Pakasaban	:
Atikan	:
2. Data Mantra	
Judul	:
Fungsi	:
Teks	:

### **3.3.2 Tehnik Panalungtikan**

Tehnik panalungtikan dina ieu panalungtikan nya éta tehnik ngumpulkeun data. Dina ngumpulkeun data aya sababaraha téhnik anu di gunakeun, diantarana waé anu dipedar di handap.

#### **3.3.2.1 Tehnik Talaah Pustaka**

Téhnik talaah pustaka nya éta téhnik nu digunakeun dina néangan sarta nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya hubunganna jeung bahan panalungtikan. Maksudna niténan atawa mutalaah kana sajumlahing sumber pustaka saperti tulisan-tulisan dina media massa, hasil panalungtikan buku-buku anu raket patalina jeung pangaweruh ngeunaan puisi mantra jeung hal-hal séjénna anu patali jeung ieu panalungtikan.

#### **3.3.2.2 Téhnik Wawancara (*Interview*)**

Wawancara nurutkeun Fathoni (2006, kc. 105) nya éta tehnik ngumpulkeun data ngaliwatan prosés tanya jawab lisan nu lumangsung sacara saarah, hartina patalékan datang ti pihak nu ngawawancara jeung jawaban dibéré ti pihak anu diwawancara. Kalungguhan dua pihak anu béda ieu terus kitu salila prosés tanya jawab lumangsung, béda jeung dialog anu kalungguhan pihak-pihak nu kalibet bisa robah jeung patukeur fungsi unggal waktu, salila proses dialog éta masih lumangsung.

Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 194), wawancara bisa dilakukeun sacara *terstruktur* ogé bisa *henteu terstruktur*, jeung dilakukeun ngaliwatan *face to face* atawa pahareup-hareup langsung, bisa ogé ngaliwatan telepon/hp.

#### **3.3.2.3 Téhnik Dokuméntasi**

Nurutkeun Fathoni (2006, kc. 112), studi dokuméntasi nya éta tehnik ngumpulkeun data ku cara nalungtik catetan-catetan ngeunaan data pribadi réspodén, saperti anu dilakukeun ku saurang psikolog dina nalungtik kamekaran saurang klien ngaliwatan catetan pribadina.

Dokumén wanguna bisa tulisan, gambar atawa hasil karya-karya monuméntal ti narasumber. Studi dokumén mangrupa panglengkep tina ngagunakeun métode wawancara. (Sugiyono, 2013, kc. 329).

### 3.4 Analisis Data

Sanggeus data hasil inventarisir dikumpulkeun, léngkahan satuluynya éta analisis data. Langkah-langkah dina analisis data ayas babaraha tahapan, diantarana:

1) Ngelompokkeun puisi mantra dumasar kana jenis-jenis/papasinganana.

Sanggeus mantra anu diinventarisir dikumpulkeun, éta mantra dikelompokeun dumasar kana papasingan nurutkeun kana tiori anu geus dipedar. Dijumlahkeun sabaraha anu beunang dikumpulkeunana, ogé jumlah ti tiap jenis/papasinganana.

2) Nangtukeun puisi mantra anu rék dianalisis.

Mantra anu geus meunang ngelompokkeun tuluy dipilih sabagianana pikeun dianalisis. Dipilih mana anu sakirana saluyu jeungeun dijadikeun bahan pangajaran pikeun murid SMA.

3) Nganalisis data dumasar kana unsur struktur anu ngawengku: wirahma, purwakanti, babalikan jeung citraan.

Mantra nu geus dipilih, satuluyna dianalisis dumasar kana tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan. Analisis anu dipaké nyaéta analisis struktural.

4) Ngadéskripsikeun hasil tina analisis

Mantra nu geus meunang dianalisis, didéskripsikeun sangka dipikahartiku nu lian. Dijelaskeun kumaha eusi tina hasil analisisna, sarta dicindekkeun hasilahirna.